



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONFIMASYON SIRENTANDAN LAPOLIS ETA NEW YORK LA STEVEN G. JAMES PA SENA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konfimasyon Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, pa Sena a.

"Sekirite piblik se priyore prensipal mwen epi Sirentandan James te yon patnè enpòtan nan efò sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lapolis Eta New York la fè yon travay ekstrawòdinè pou konbat krim epi kenbe moun an sekirite, epi mwen gen konfyans Sirentandan James pral kontinye ak elaji efò sa yo."

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Mwen rekonesan anpil pou Gouvènè Hochul ak Sena Eta New York pou opòtinite pou m sèvi kòm 18èm sirenstandan lapolis Eta New York. Mwen rete angaje nan ankouraje konfyans, kolaborasyon, pwofesyonalis ak responsablite nan ajans nou an pou pi byen sèvi pèp nan gwo eta nou an."

Sirentandan James te sèvi ak Lapolis Eta New York pou plis pase 32 ane, ki gen ladan plis pase de deseni nan yon wòl lidèchip. Dènyèman, li te sèvi kòm Sirentandan Enterimè pou Relasyon Anplwaye epi li te sèvi tou kòm Sirentandan Enterimè Asistan, Enspektè Anplwaye, Majò, Kapitèn, Lyetnan, Anketè Prensipal, Séjan, Envestigatè ak Manm Patwouy. Li gen yon B.S. nan Sikoloji nan SUNY Albany ak yon metriz nan administrasyon piblik nan Marist College.

Gouvènè Hochul te anonse [nominasyon](#) Sirentandan James an janvye.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "DCJS se yon patnè solid pou Lapolis Eta New York ak ajans lapolis lokal nou yo. Nou bat bravo pou konfimasyon Sirentandan Steven James Sena a epi nou pa ka tann pou nou travay avèk li pandan n ap ede pwoteje moun atravè New York. Nominasyon Gouvènè Hochul se jis yon lòt egzanp lidèchip san parèy li sou sekirite piblik ak sipò ajans nou yo."

Komisè pa Entèrim nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York lan, Daniel F. Martuscello III, te deklare, "Mwen felisite Sirentandan James pou

konfirmasyon li. Gouvènè Hochul te kontinye konsantre sou sekirite moun nan Eta New York epi nominasyon Sirentandan James li a pote konesans ak eksperyans ki nesesè pou dirije Lapolis Eta a pandan tan n ap viv la ki toujou ap chanje. DOCCS pa ka tann pou li kontinye fè patenary avèk li ak Lapolis Eta a pou sèvi ak pwoteje Nouyòkè yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)